



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE BRASS QUEENS GENYEN PREMYE MIZIK MTA A NAN KAD NEW YORK RIDERS' CHOICE AWARD LA

Gouvènè Hochul, Prezidan MTA Janno Lieber ak WE♥NYC te rasanble nan Times Square pou selebre finalis yo epi dwale gayan Riders' Choice Award la

Fanfa ki konpoze ekslizivman ak fanm lan te pote twofe a lakay yo

Brass Queens pral resevwa yon sesyon anrejistremman ak Atlantic Records.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gayan premye prim WE♥NYC Riders' Choice Award la, ki te envite Nouyòkè yo vote pou favori pa yo nan lis atis metwo MTA's Music Under New York la. Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA Janno Lieber ak reprezantan Partnership for New York City, atis anrejistremman Atlantic Records ak ENISA natif Brooklyn te rejwenn Gouvènè Hochul nan Times Square, ak lòt moun pou chèche konnen ki pasaje "busker" ke yo pi kontan rankontre pandan yo vwayaje nan metwo. Apre yon semèn vòt piblik la, [Brass Queens](#) te ranpòte gran pri a ak 55.7 pousan nan plis pase 55,000 vòt yo epi li pral resevwa yon sesyon anrejistremman ak Atlantic Records.

"Konpetisyon sa a selebre metwo ak mizik - de pati entegral nan tisi New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Brass Queens montre kisa sa vle di pou yon Nouyòkè epi mwen kontan wè yo enpresyone vwayajè yo ak touris yo tou atravè sistèm metwo a ak son enkwayab pa yo."

Brass Queens se yon fanfa ak yon seksyon kòn tout fi ki melanje funk, soul, ak hip-hop ki fè apèl ak tradisyon dezyèm liy New Orleans lan. Yo konnen yo pou pèfòmans ki gen gwo enèji ak misyon yo pou ekipe fanm yo atravè mizik. Ou ka jwenn videyo pwofil Brass Queens lan [isit la](#).

Kanpay WE♥NYC te devlope Riders' Choice Award la. Li mete anfas sou atis ki te genyen plas yo te konvwate nan pwogram MTA Music Under New York la ki ap pote lajwa nan vwayaj Nouyòkè yo depi li te vin fè pati MTA Arts & Design la an 1987. Pou la pwemye fwa, pasaje transpò yo te gen opòtinite pou yo chwazi favori pa yo nan twa ak mizikal ki fè pati premye nouvo gwoup pèfòmè yo chwazi pou pwogram nan depi kòmansman pandemi an nan ane 2020.

Tout twa finalis Riders' Choice yo reprezante kèk nan talan mizik ki pi enteresan epi ki pi divèsifye nan vil la epi yo ka wè yo ap jwe atravè rezo metwo vil la ane sa a. Lòt finalis ki te fè konpetisyon pou Riders' Choice Award yo se te:

- [Afro Dominicano](#) — Yon gwoup fizyon Latin ki melanje mizik tradisyonel folklorik Dominiken ak nanm Afro-Karayibeyen. Yo konnen yo pou rif ki gen gwo enèji ak balad womantik. Ou ka jwenn videyo pwofil Afro Dominicano a [isit la](#).
- [Augie Bello](#) — Yon enstrimantalis, chantè, pwodiktè, ak konpozitè ke yo konnen pou pèfòmans enèjetik saksofòn andirèk nan lari vil la. Ou ka jwenn videyo pwofil Augie Bello a [isit la](#).

Evènman anons ganyan prim lan te òganize avèk Times Square Alliance.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA Janno Lieber te deklare, "Music Under New York se yon sèn inik pou atis mizikal yo nan vil sa a epi jodi a – pou premye fwa depi pwogram nan te kòmanse an 1987 – Nouyòkè yo te vote pou atis favori pa yo. Tout atis sa yo refilete dinamik enkwayab Nouyòkè yo eksperimante nan sistèm transpò piblik la."

Direktè Arts & Design MTA Sandra Bloodworth te deklare, "Chak espektak mizikal sou wout la, kit se jodi a oswa odisyon ki te fèt kèk semèn de sa, refilete divèsite New York epi yo vrèman se yon eksperyans memorab. Mwen kontan anpil pou m selebre premye gayan Riders' Choice nan Music Under New York la, epi mwen kontan anpil pou tout nouvo atis ki nan pwogram nan, pou yo fè sa yo renmen nan pi gwo lokal ki genyen, nan yon vil ki gen yon apresyasyon talan solid."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Partnership for New York City a, Kathryn Wylde te deklare, "WE♥NYC dedye pou montre kalite ekstrawòdinè Vil New York ak rezidan li yo. Brass Queens se yon premye egzanp talan Nouyòkè yo pral rankontre jis lè yo moute yon tren. Nou sensèman felisite Brass Queens ak lòt finalis nou yo, ke konpetans ak lanmou pou atis yo ede fè New York vin yon kote ki gen plis lajwa pou rete, epi nou remèsye plizyè milye Nouyòkè ki te vote pou Riders' Choice la."

Riders' Choice Award se dènye pwojè WE♥NYC te devlope ak fasilite, yon nouvo kanpay ki finanse pa manm Partnership for New York City pou ankouraje Nouyòkè yo montre lanmou yo pou vil pa yo atravè aksyon sivik ak angajman kominotè.

MTA MUSIC gen plis pase 350 atis ki montre kòd klasik, ansanb djaz, gwoup mizik mondyal, fòlk, gwoup kapela, chantè-konpozitè ak plis ankò, ki gen yon pakèt enstriman tankou kora Gambiyen, tanbou Koreyen, tanbou asye Antiyè, pip Andin, vyolonsèl Cajun, hap Sèltik ak Bawòk, gita, vyolon, dilsimè a mato ak si mizikal. Atis yo pwograme nan 43 lokal MTA MUSIC atravè sistèm transpò piblik la, ki gen ladan estasyon tren ak tèminal tren banlye MTA ak tèminal Ferry Staten Island. MTA Arts & Design prezante plis pase 7,500 atis mizikal nan sistèm transpò piblik la chak ane. Mizisyon yo jwe nan

kote yo deziyen ak yon banyè Music Under New York ki gen non yo ak logo Music Under New York la.

Pou premye fwa depi pandemi COVID-19 la, MTA te chwazi yon nouvo gwoup ki gen 24 atis MTA MUSIC pou jwe nan kad banyè li. Se MTA Arts & Design ki te fè odisyon inisyalye yo, ki bay atizay vizyèl ak atizay pèfòmans nan rezo MTA a. Yo te fè odisyon karant ak nan Grand Central Madison 28 jen, epi 128 te aplike pou yo konsidere yo pou opòtinite a. Nòmalman se yon evènman anyèl, odisyon yo te premye fèt depi 2019, epi se 33èm yo te fè depi MTA MUSIC te vin tounen yon pwogram Arts & Design an 1987. Se te premye fwa piblik la te kapab vote pou atis MTA MUSIC favori pa yo.

Konsènan MTA Arts & Design

MTA Arts & Design ankouraje itilizasyon transpò piblik lè li bay atizay vizyèl ak pèfòmans nan zòn metwopolitèn New York la. Pwogram Percent for Art la se youn nan pi gwo ak pi divès koleksyon atistik piblik espesifik ki fèt sou sit nan mond lan, ak plis pase 350 komisyon pa atis mondyal ki pi popilè, atis ki nan mitan karyè yo ak atis k ap emèje yo. Arts & Design pwodui Afich, Zèv Atistik Dijital, ekspozisyon foto Lightbox, ansanm ak espektak mizikal an dirèk nan estasyon yo atravè pwogram Music Under New York (MTA MUSIC) li a, ak pwogram Poetry in Motion (Pwezi an Mouvmant) an kolaborasyon ak Poetry Society of America (Sosyete Pwezi Etazini an). Li sèvi plizyè milyon moun ki konte sou metwo MTA yo ak tren banlye yo epi li fè efò pou kreye koneksyon ki gen sans ant sit yo, katye yo, ak moun yo. Pou aprann plis, vizite mta.info/art oswa swiv sou Twitter nan [@MTAArtsDesign](https://twitter.com/MTAArtsDesign).

Konsènan WE♥NYC

WE♥NYC se yon kanpay ant sektè pou montre fòs vil la epi mobilize Nouyòkè yo pou asire ke sa a rete pi gwo vil nan mond lan. Kanpay nan tout vil la selebre Nouyòkè k ap fè yon diferans — "Reyalizatè yo" — epi prezante opòtinite pou angajman sivik ke tout moun ka rejwenn. Pa gen okenn dola kontribyab yo te itilize pou efò sa a, epi yo envite tout Nouyòkè yo patisipe nan welovenyc.nyc.

Konsènan Atlantic Records

Atlantic Records selebre 75èm anivèsè li an 2023. Fonde nan Vil New York, mak la literalman te grandi soti nan operasyon yon sèl chanm rive nan youn nan pi gwo konpayi mizik nan mond lan. Atlantic te pibliye yon seri anrejistremant ki te gen yon enpak pwofon sou mizik modèn, istwa rich li yo enkli anblèm mizikal tankou Ray Charles, Aretha Franklin, John Coltrane, ak Led Zeppelin. Lis Atlantic Records Group jodi a gen ladann anpil nan atis ak band sonò ki pi popilè nan mond lan. Atis tankou Kelly Clarkson, Bruno Mars, Ed Sheeran, Cardi B, Sia, Coldplay, Charlie Puth, Janelle Monáe, Jack Harlow, Death Cab for Cutie, Matchbox Twenty, Lil Uzi Vert, Gucci Mane, Melanie Martinez, Rob Thomas, Skrillex, Roddy Ricch ak anpil lòt, ansanm ak band sonò ki gen ladan The Greatest Showman, Hamilton, Fast and Furious, Suicide Squad, Birds of Prey, Jagged Little Pill The Musical, band sonò Spinning Gold, ak plis ankò.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418